# BALALAR MUZIKA MEKTEPLERINDE BAQSISHILIQ BÓLIMI OQÍWSHÍLARÍNA DUWTAR SAZ ÁSBABÍN NOTA MENEN SHERTIP ÚYRETIWDIŃ PEDAGOGIKALÍQ ÁHMIYETI

**Tajetdinova Sofya Mnajatdinovna**
Ájiniyaz atındağı Nókis mámleketlik pedagogikalıq institutı,
Muzıkalıq tálim kafedrası docenti.
**Orınbaeva Erkinay Quanıshbay qızı**
Muzıka tálimi hám kórkem óneri qániygeliginiń 2-kurs magistrantı.
https://doi.org/10.5281/zenodo.10604390

***Annotatsiya.*** *Bul maqalada balalar muzika mekteplerinde baqsıshılıq kórkem óneri boyınsha tálim alıp atırǵan oqıwshılarǵa duwtar saz-ásbabın nota menen shertiwdi úyretiwdi pedagogikalıq ahmiyati haqqında sóz etiledi.*

***Tayansh sóz hám sóz dizbekleri:*** *Duwtar, baqsı, professional, pedagogika, konferenciya, nota, repertuar, dinamika.*

# PEDAGOGICAL SIGNIFICANCE OF LEARNING TO PLAY THE MUSICAL INSTRUMENT DUTAR BY NOTE FOR STUDENTS OF MUSIC SCHOOLS OF THE BAKSY DEPARTMENT

***Abstract.*** *In this article is discussed the pedagogical importance of teaching the musical instrument to the students who are trained in the art of singing in children's music shools.*

***Key words:*** *Dutor musical instruments, singer, professional, pedagogy, conference, note, repertoire, dynamics.*

# ПЕДАГОГИЧЕСКОЕ ЗНАЧЕНИЕ ОБУЧЕНИЯ ИГРЫ НА МУЗЫКАЛЬНОМ ИНСТРУМЕНТЕ ДУТАР ПО НОТЕ УЧАЩИХСЯ МУЗЫКАЛЬНЫХ ШКОЛ ОТДЕЛЕНИЯ БАКСЫ

***Аннотация.*** *В данной статье рассматривается педагогическая значимость обучения игре на музыкальном инструменте дутор по нотам учащихся, обучающихся певческому искусству в детских музыкальных школах.*

***Ключевые слова:*** *Дутар, бахши, (исполнитель дутара), профессионал, педагогика, конференция, нота, репертуар, динамика.*

Qaraqalpaq xalqınıń muzıka mádeniyatı kóp ásirlik tariyxqa iye. Qaraqalpaq xalqında baqsıshılıq óneri ázel – ázelden ustaz shákirt jolı menen búgingi kúnge shekem jetip kelgen.

Baqsıshılıq óneri duwtar saz áspabı menen qaraqalpaq xalqınıń milliyligin, tariyxın súwretlewshi dástan hám qosıqlar arqalı baqsılar tárepinen atqarılıp kelingen. Bunda baqsıshılıq óneriniń kórnekli wákili Aqımbet baqsı bolıp ol baqsıshılıq óneriniń atadan – balaǵa, ustazdan shákirtke shınjırma shınjır usılında rawajlandırıp búgingi kúnge shekem sap halında jetip keliwinde salmaqlı úles qosqan. Baqsıshılıq kórkem ónerin qaraqalpaqstan kóleminde izertlegen ózleriniń ilimiy bahalı miynetleri menen belgili ilimpazlarımız, alımlarımız Qallı Ayımbetov, Qabıl Maqsetov, Nawrız Japaqov, Tájigúl Adambaeva, Sarıgúl Bahadirova, Ásen Alımovlar bolıp tabıladı. Olar ózleriniń ilimiy miynetlerinde qaraqalpaq awız eki professional dóretuwshiliginiń tariyxıy dereklerin hám rawajlanıw basqıshların kórsetip bergen.

Baqsıshılıq óneri boyınsha búgingi kúnde jas alımlarımızdan docent Artıqbay Erejepov hám docent Íqlasbay Moyanovlar da kóplegen ilimiy miynetleri menen xalıq aralıq konferenciyalarda qatnasıp bul tarawdı rawajlandırıp jas izleniwshi baqsılardıń elede tereńirek úyreniwinde ózleriniń úleslerin qosıp hár tárepleme izlenip kelmekte.

1991 - jil Japaq Shamuratov atındağı xoreografiya uchilishesinde "Milliy muzıka" bólimi ashıldı. Bul ashılıw bárshe baqsıshılıq óneri boyınsha kásip iyeleri bolğan qánigelerdi hám bul ónerge qızıǵıwshı jaslar ushın úlken quwanısh penen qarsı alındı. Ustaz pedagog Ózbekstan xalıq baqsısı Ǵayratdin Ótemuratov bul bólimge basshılıq etip kóp talantlı baqsılardı jetilistirip shıǵardı.

Bunda ol dástanlardı hám xalıq qosıqların hám namaların yad halında úyretiw usılı menen búgingi kúnge shekem sap halında saqlap jetkerip keliwin támiyinledi.

Ájiniyaz atındağı Nókis mámleketlik pedagogikalıq institutınıń "Muzıkalıq tálim" kafedrası professorı Dawletmurat Allanazarov balalar muzıka hám kórkem - óner mekteplerinde baqsıshılıq ónerinde oqıp bilim alıp atıpğan oqıwshılar ushın nota sawatın jetilistiriw xalıq qosıqların hám namaların muzıka mektepke qádem taslaǵannan baslap nota menen shertip úyrenip sawatlı bolıp jetilisip shıǵıwı ushın "Qaraqalpaq milliy Alamoynaq duwtar sázendesheligi" sabaqlıǵı 1 - klass kitabı notalastırılıp 2011 – jıl baspadan shıqtı.

Professor Dawletmurat Allanazarovtıń bul oqıwlıq miyneti xalqımızdıń milliy muzıkasın ótmishtegi ataqlı baqsı sázendelerimiz atqarıp kelgen namalardı nota menen shertiw boyınsha tolıq paydalanıw imkaniyatın berdi. Bul sabaqlıqtıń bahalılıǵı sonnan ibarat milliy muzıkaǵa, saz ásbapqa jańasha názer taslawdı hám onı tereń nota menen úyreniwdi talap etedi. Búgingi kúngi jetilisip atırǵan jas qánigeler ushın bul imkaniyatlar jas áwlatdı tárbiyalawda ózine tán tákirarlanbas hám tawsılmas bilim bulaǵı bolıp xızmet etedi.

"Qaraqalpaq alamoynaq duwtar sázendeshiligi" sabaqlıǵı arqalı iqlasbent jaslarımızda háweskerler dógeregi qatnasıwshılarıda eger nota sawatı bolsa jeke óz betinshe "Alamoynaq" duwtar saz áspabın nota menen shertip úyrene aladı, házirgi kúnde bul oqıwlıq tiykarǵı ádebiyatları bárlıq balalar muzika hám kórkem óner mekteplerinde sabaqlıq retinde balalarǵa 1 - klass sabaqlıǵınan baslap 5 - klass sabaqlıǵına shekem izbe - iz ótilip barıladı, kitapta qaraqlpaq xalıq "Ala moynaq duwtar" áspabı dúzilisi, poziciyası, notalardıń duwtar perdelerindegi jaylasıwı, duwtardı durıs uslap otırıwı qaǵıydaları, dásti durıs qaǵıw, perdelerde barmaqlardıń jaylasıw tártibi hám sonıń menen birge qaraqalpaq xalıq sazları, qosıqları berilgen.

Balalar muzıka mekteplerinde baqsıshılıq bólimi oqıwshılarına duwtar saz ásbabın nota menen shertip úyretiwdiń pedagogikalíq áhmiyeti sonnan ibarat nátiyjede:

- qosıq hám namalardı ápiwayıdan quramalıǵa qarap pedagogikalıq princip tiykarında úyreniw jolǵa qoyıladı;
- xalıq qosıqları hám namalarınıń taza halında úyreniw hám jetkeriwge erisiledi;
- háwesker qızıǵıwshı óz betinshe úyreniwshide notaǵa qarap shertiw múmkinshiligine iye boladı;
- oqıwshılarda sawatlı túrde duwtar saz áspabın notaǵa qarap shertiw kónlikpesi qáliplesedi;
- duwtar saz ásbabın nota menen úyreniw arqalı basqa xalıqlardıń qosıq hám namaların shertiw imkaniyatına iye boladı;
- duwtar saz ásbabın nota menen professional dárejede shertiw dárejesine erisiledi;
- duwtar saz ásbabın professional dárejede nota menen shertiw tájiriybesi artadı.

Duwtar saz áspabın oqıwshılarǵa nota menen úyretiwde oqıtıwshı oqıwshınıń hár tárepleme uqıbın úyrenip shıǵıp onıń muzıkalıq esitiw qábiletin, notanı oqıw qábiletin esapqa alǵan halda barmaqların duwtar perdelerinde júritiw qaǵıydaların basqıshpa basqısh úyreniwin támiyinlew maqsetke muwapıq boladı. Sonda sabaq nátiyjeli bolıp ótiledi hám kútilgen joqarı nátiyjeni beredi. Oqıwshılar hár qanday shıǵarmanı nota menen úyreniwiniń tiykarında olardıń umıtılıp qalıwınan saqlaydı. Sonıń menen birge notaǵa qoyılǵan hár qıylı dinamikalıq belgiler arqalı qosıqtıń yamasa muzıkanıń mazmunın tıńlawshılarǵa jetkeriwde úlken járdem beredi.

Baqsıshılıq ónerin úyreniwshi qánigelerge izleniwlerdiń juwmaǵı boyınsha usınıs etiledi:

- balalar muzıka hám kórkem,

- óner mekteplerinde oqıp atırǵan kishkene bolajaq baqsılarımızǵa mektep repertuarı sıpatında olardıń jas ózgesheliklerin esapqa alǵan halda dawıs diapazonlarına tuwrı keletuǵın duwtar saz áspabı menen atqarılatuǵın qosıqlar jazılsa, kishi kólemdegi muzıka shıǵarmaları dóretilse, baqsıshılıq ónerin nota menen úyrenip baslawına jaqsı baslama bolǵan bolar edi.

Onnan sońǵı oqıytuǵın qániygelestirilgen mekteplerdiń baqsıshılıq óneri bólimi oqıwshıları ushın óz aldına baǵdarlama dúzilse, baǵdarlamanıń dawamlı izin joqarı oqıw orınlarındaǵı bakalavr jónelisinde oqıp atırǵan baqsılarımız ushın dúzilse hám sonıń menen birge bul qánigeliktegi student jaslar házirgi baqsılarımız tárepinen atqarılıp atırǵan dástanlardı atqarıw dárejesine iye bolsa maqsetke muwapıq bolar edi.

Demek, ulıwmalastırıp aytqanda duwtar saz áspabın nota menen úyretiwdiń pedagogikalıq áhmiyeti sonnan ibarat oqıwshı jaslarımız barlıq jazılǵan muzıkalıq shıǵarmalardı, xalıq qosıq hám namaların nota menen shertiw imkaniyatına iye boladı. Xalıq qosıqların hám milliy namalardı nota menen shertip úyreniw arqalı baqsıshılıq ónerinde bilim beriwdiń sapasınıń sıpatlı bolıwı támiyinlenedi.

Ózbekstan Respublikası Prezidentiniń 2022 - jil 2 – fevral kúngi “Mádeniyat hám kórkem - óner tarawın jánede rawajlandırıwǵa baylanıslı qosımsha is – ilajlar haqqında” ǵı 112 – sanlı qararı qabıl etildi. Bunda tiykarınan “Ulıwma bilim beriw mákemelerinde milliy saz asbaplarınıń birewinde qosıq aytıw sheberligi úyretiledi jáne bul haqqında olardıń bilimlendiriw haqqındaǵı hújjetine tiyisli tártipte dizimge kirgizilip, 2023 - 2024 oqıw jılınan baslap bolsa úsh milliy saz áspabında shertip qosıq aytıw sheberligine iye bolıw “Muzıka” páni oqıtıwshıları ushın májbúriy esaplanadı” delingen[1].

Bul búgingi kún qánigeleri aldına qoyılǵan juwapkerli wazıypa bolıp jaslarımızdı saz ásbabların shertip úyreniwi ushın jaratılǵan imkaniyatlar qay dárejede ekenliginen derek beredi.

Bul qarardıń orınlanıwın támiyinlewde de milliy saz áspabları bolǵan duwtar saz áspabın nota menen shertip úyretiwdiń jolǵa qoyılıwı itibarǵa alınadı.

Juwmaqlap aytqanda baqsıshılıq ónerinde bilim alıp atırǵan oqıwshı jaslardı zaman talabına juwap beretuǵın dárejede sapalı oqıtıwda xalqımızdıń búgingi qánige ustazları shákirtlerine óz bilimlerin jetkerip beriw ushın pedagogikalıq usıllardan hár tárepleme izlenip izertlewi hám olardı ámelde qollanıwları zárúr dep esaplaymız.

**REFERENCES**

1. Sh.Mirziyoev “Mádeniyat hám kórkem-óner tarawın jánede rawajlandırıwǵa baylanıslı qosımsha is-ilajlar haqqında” ǵı PQ - 112-sanlı qararı 02.02.2022 j.

2. Sh.Mirziyoyev II - Xalıq aralıq baqsıshılıq festivali qatnasıwshılarına jollaǵan qutlıqlawınan “Xalq sózi” gazetasi 18 - sentyabr 2021 - jıl
3. Allanazarov.D.T. “Qaraqalpaq sazlari (duwtar)” Oqıw qollanbası Nókis “Bilim” baspası 2004 j.
4. Тажетдинова С. М., Худайбергенова Г. Ж. Формирование музыкальной культуры студентов //Молодой ученый. – 2018. – №. 47. – С. 380-382.
5. Тажетдинова С. М. Народные песни как фактор развития личности учащихся //Вестник Курганского государственного университета.–2018. – №. 3 (50). –С. 62-62.
6. Тажетдинова С. АКТУАЛЬНЫЕ ВОПРОСЫ ПОДГОТОВКИ МУЗЫКАНТОВ К МУЗЫКАЛЬНОЙ ДЕЯТЕЛЬНОСТИ //Цифровая экономика и управление знаниями: проблемы и перспективы развития: сборник научных трудов II Международной научно-практической конференции.–Киров, 2021.–245 с. – 2021. – С. 105.
7. Тажетдинова С. САМОПРЕЗЕНТАЦИЯ В ПРОЦЕССЕ ТРУДОУСТРОЙСТВА БУДУЩИХ СПЕЦИАЛИСТОВ МУЗЫКАЛЬНОГО ИСКУССТВА //Цифровая экономика и управление знаниями: проблемы и перспективы развития. – 2021. – С. 110-112.
8. Tajetdinova S. M. MUZIKA TÁLIMINDE AXBOROT HÁM PEDAGOGIKALIQ TEXNOLOGIYALARDAN PAYDALANIWDIŃ NÁTIYJELILIGI //Academic research in educational sciences. – 2021. – T. 2. – №. NUU Conference 1. – С. 275-277.
9. Mnajatdinovna T. S. Pedagogical Skills in Teaching Music //JournalNX. – Т. 7. – №. 11. – С. 172-174.
10. Niyazbaeva A., Kamalova G. ÓZBEKISTON XALQ BAXSHISI QALLIEV TEŃELBAY GENJEBAEVICH IJODI //Общественные науки в современном мире: теоретические и практические исследования. – 2023. – Т. 2. – №. 7. – С. 22-24.
11. Segizbaeva G., Kamalova G. M. DEVELOPMENT OF THE ORCHESTRA OF MUSICAL INSTRUMENTS IN KARAKALPAKSTAN //Modern Science and Research. – 2023. – Т. 2. – №. 10. – С. 875-879.
12. Abdikarimova I. T., Kamalova G. M. QARAQALPAQSTAN RESPUBLIKASÍNDAǴÍ BIRINSHI FLEYTA ATQARÍWSHÍSÍ //Journal of new century innovations. – 2023. – Т. 43. – №. 3. – С. 178-181.
13. Guldana S., Kamalova G. M. J. CHARSHEMOVTIŃ DÓRETIWSHILIGINDE FUGA JANRI //World scientific research journal. – 2023. – Т. 22. – №. 2. – С. 32-38.
14. Begis P., Kamalova G. M. SÓNBES JULDIZ //ОБРАЗОВАНИЕ НАУКА И ИННОВАЦИОННЫЕ ИДЕИ В МИРЕ. – 2023. – Т. 32. – №. 2. – С. 55-59.
15. Niyazbaeva A., Kamalova G. ÓZBEKISTON XALQ BAXSHISI QALLIEV TEŃELBAY GENJEBAEVICH IJODI //Общественные науки в современном мире: теоретические и практические исследования. – 2023. – Т. 2. – №. 7. – С. 22-24.
16. Segizbaeva G., Kamalova G. M. DEVELOPMENT OF THE ORCHESTRA OF MUSICAL INSTRUMENTS IN KARAKALPAKSTAN //Modern Science and Research. – 2023. – Т. 2. – №. 10. – С. 875-879.

17. Abdikarimova I. T., Kamalova G. M. QARAQALPAQSTAN RESPUBLIKASÍNDAǴÍ BIRINSHI FLEYTA ATQARÍWSHÍSÍ //Journal of new century innovations. – 2023. – T. 43. – №. 3. – С. 178-181.
18. Kamalova G. M. et al. ÓZBEKSTAN XALIQ BAQSISI ǴAYRATDIN ÓTEMURATOV //TADQIQOTLAR. – 2023. – Т. 25. – №. 1. – С. 40-42.
19. Kamalova G. M. et al. ÓZBEK MUZIKASINDA BALALAR FOLKLORI //Journal of new century innovations. – 2023. – Т. 39. – №. 2. – С. 85-87.
20. Kamalova G. M. et al. QARAQALPAQTIŃ BAY MIYRASI //ОБРАЗОВАНИЕ НАУКА И ИННОВАЦИОННЫЕ ИДЕИ В МИРЕ. – 2023. – Т. 32. – №. 2. – С. 52-54.
21. Kamalova G. M. et al. QARAQALPAQSTANDA AKADEMIYALIQ VOKAL JÓNELISI //World scientific research journal. – 2023. – Т. 22. – №. 2. – С. 21-25.
22. Guldana S., Kamalova G. M. J. CHARSHEMOVTIŃ DÓRETIWSHILIGINDE FUGA JANRI //World scientific research journal. – 2023. – Т. 22. – №. 2. – С. 32-38.
23. Kamalova, G. (2023). QÁLEMI ÓTKIR KOMPOZITOR (D.Djańabaeva dóretiwshilik jolı). Вестник музыки и искусства, 1(2), 37–39.
24. Charshemov J. A REVIEW OF MARKABAY JIEMURATOV'S WORK //Modern Science and Research. – 2023. – Т. 2. – №. 10. – С. 818-821.
25. Чаршемов Ж. МУСТАҚИЛЛИК ЙИЛЛАРИДА ЎЗБЕК КИНОМУСИҚАСИ //Вестник музыки и искусства. – 2023. – Т. 1. – №. 2. – С. 16-22.
26. Charshemov J. A REVIEW OF MARKABAY JIEMURATOV'S WORK //Modern Science and Research. – 2023. – Т. 2. – №. 10. – С. 818-821.
27. Abdikarimova, I. (2023). ORTA AZIYADAǴÍ OYANÍW DÁWIRI. Вестник музыки и искусства, 1(2), 161–163
28. Чаршемов, Ж. (2023). МУСТАҚИЛЛИК ЙИЛЛАРИДА ЎЗБЕК КИНОМУСИҚАСИ. Вестник музыки и искусства, 1(2), 16–22
29. Charshemov J. Problems of Using Karakalpak Folklore in Composers //Vital Annex: International Journal of Novel Research in Advanced Sciences. – 2023. – Т. 2. – №. 3. – С. 270-273.